

RESILIENT NORTHEASTERN NEW JERSEY SONDAJ KONSÈNAN VIZYON AK PRIYORITE

Pwojè Resilient New Jersey vize pou devlope solisyon pou risk ak rezistans pou rejyon Northeastern New Jersey, ki gen ladan Vil Jersey, Newark, Hoboken, ak Bayonne. Se NJDEP k ap finanse pwojè a, epi se minisipalite yo, epi moun ki alatèt pwojè a se minisipalite yo, Konte Hudson, ansanm avèk de òganizasyon kominotè (HOPES CAP ak Ironbound Community Corporation). Jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb www.resilient.nj.gov/nenj.

Tanpri pataje sa ou apresye konsènan kominote ou ak vizyon ou pou avni kominote ou, oswa nenpòt lòt lide ou ka genyen ki kapab ede gide pwojè a. Nou pral itilize kòmantè sa a pou gide devlopman yon plan aksyon pou elimine risk inondasyon yo. Nou pral rezime kòmantè yo epi n ap divilge yo ba piblik la pandan n ap pwoteje idantite ou. Mèsi paske ou pran tan pou pataje avèk nou! Remak ou enpòtan anpil pou asire pwojè a satisfè bezwen debaz moun li kapab afekte yo.

1. Tanpri bay kòd postal ou: _____

2. Kijan inondasyon te afekte lavi ou oswa kominote ou?

3. Ki pi gwo enkyetid ou genyen yo konsènan inondasyon?

4. Ki enfrastrikti kominotè oumenm oswa fanmi ou te itilize pi plis? Pa egzanp, sèten pak, lopital, bank manje, òganizasyon non-komèsyal, elatriye. Pwojè a pral evalye fason inondasyon yo pral afekte kote sa yo nan ane k ap vini yo.



5. Kisa ou apresye pi plis konsènan kominote ou?

6. Ki chanjman ou vle wè nan kominote ou pou oumenm ak pou jenerasyon pidevan yo?

7. Kisa ki ta dwe faktè prensipal pou pran desizyon lè w ap chwazi pami anpil aksyon posib ki kapab redui risk pou gen inondasyon nan kominote ou?

8. Èske gen yon lòt enfòmasyon ou ta renmen nou konnen?

